



Pou Piblikasyon Imedya: 20/3/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO PIBLIYE KONSÈY SOU SÈVIS NESESÈ KI ANBA DEKRÈ EGZEKITIF 'ETA NEW YORK AN POZ LA'

Jodi a byen bonè Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse l'ap siyen dekrè egzekitif Eta "New York an POZ ("New York State on PAUSE") la, yon règleman an 10 pwen pou asire sekirite tout moun. Li gen ladan l yon nouvo plan ki pou fè tout antrepriz ki pa nesesè nan Eta a fèmen pòt yo apati 8PM dimanch 22 mas la. Men konsèy sou sèvis nesesè ki anba dekrè egzekitif la:

BIZNIS OSWA ANTITE NESESÈ YO, ansanm ak sa ki pou lajan oswa gratis yo, kèlkeswa sèvis li ye a, wòl yo jwe ak oubyen estrikti biznis oswa antite yo a, pa anba restriksyon an pèsòn.

(Biznis ki nesesè yo dwe kontinye konfòme yo ak konsèy epi prensip yo pou kenbe yon espas travay pwòp e sekirize tankou jan Depatman Sante (Department of Health) te pibliye a).

Se Depatman Devlopman Ekonmik (Department of Economic Development) d/b/a nan Empire State Development Eta New York ki pibliye konsèy sa a epi aplike pou chak kote yon biznis ye pèsònèlman ak entansyon pou asiste biznis yo nan gade si yo se yon biznis nesesè epi kontinye pou mande yon endikasyon konsa. Pa respè pou biznis oswa antite k'ap bay oswa founi ni sèvis nesesè ak sèvis ki pa nesesè yo, founiti ak sipò yo, sèlman liy sa yo ak/oubyen travay biznis ki sèlman nesesè pou soutni sèvis nesesè yo, founiti, oswa sipò pa nan restriksyon an.

Selon objektif **Dekrè Egzekitif 202.6 la** "Biznis Nesesè", vle di:

1. Bon jan swen sante nesesè, gen ladan l:

- Sèvis rechèch ak laboratwa yo
- Lopital yo
- Sant sante san radevou
- Veterinè an ijans ak sèvis elvaj
- Swen pou granmoun aje
- Vant an gwo ak distribisyon medikal
- travayè sante adomisil oswa èd pou ti granmoun
- Doktè ak sèvis dantè an ijans
- etablisman swen,enfimye, oswa etablisman swen sante rezidansyèl oswa etablisman swen kolektif
- founiti medical ansanm ak moun k'ap fabrike epi founi ekipman

2. Enfrastikti Nesèsè, gen ladan I:

- Sèvis piblik, ansanm ak pwodiksyon kouran, apwovizyonman gaz ak transmisyon
- Dlo piblik ak dlo ki sèvi deja
- Sant telekominikasyon ak entènèt
- Ayopò/konpayi ayeryèn yo
- Enfrastriki transpò tankou bis, tren, oswa machin pou lwe, garaj
- Otèl, ak kote pou moun rete yo

3. Fabrikasyon Nesèsè, gen ladan I :

- transfòmasyon manje, ajan fabrikasyon, ansanm ak tout manje ak bwason
- pwodwi chimik
- ekipman/enstriman medical
- pwodwi famasi
- pwodwi sanitè
- telekominikasyon
- mikwo elektwonik/semi kondiktè
- agrikilti/elvaj
- pwodwi papyè menaje

4. Vant an detay nesèsè, gen ladan I:

- boutik ansanm ak tout magazen manje ak bwason
- famasi yo
- depanè yo
- mache agrikòl yo
- ponp gaz yo
- estoran/ba (men sèlman pou resevwa/livrezon)
- kenkayri ak materyo konstriksyon

5. Sèvis Nesèsè, gen ladan I:

- koleksyon fatra ak resiklaj, tretman ak eliminasyon
- Sèvis kourye ak ekspedisyon
- kote yo lave
- netwayaj ak swen kay
- sèvis gadri
- reparasyon otomobil
- depo/distribisyon ak egzeksyon
- salon finèb, krematoryòm ak simityè
- stokaj pou biznis nesèsè
- refij pou zannimo

6. Jounal Medya

7. enstitisyon finansyè, gen ladan I:

- bank yo
- konpayi Asirans yo
- pewòl
- kontablite
- sèvis ki lye ak mache finansyè

8. Founisè pwodwi premye nesosite pou popilasyon ki pa gen mwayen ekonomik la, espesyalman:

- Refij pou moun ki pa gen kay ak sant swen kolektif
- bank alimantè yo
- Founisè sèvis imen ki gen responsablite pou pran swen pasyan yo dirèk nan kad pwogram volontè ke leta mete sou pye oswa finanse; swen, pwoteksyon, gad ak siveyans moun yo alafwa nan kominote ak lakay; moun ki nanabri kominotè ak lòt gwo ajans sèvis k'ap bay swen dirèk oswa sipò

9. konstriksyon, gen ladan l:

- Metye espesyalize tankou elektrisyen, plonbye
- lòt konpayi konstriksyon ak pwofesyonèl pou enfrastikti nesese oswa pou reparasyon an ijans ak mezi sekirite

10. Defans

- Operasyon ki gen rapò ak defans e sekirite nasyonal pou soutni gouvènman Ameriken an oubyen yon moun ki pase kontra ak gouvènman Ameriken an

11. Sèvis esansyèl ki nesese pou gen sekirite, asenisman ak operasyon esansyèl batiman oswa lòt biznis esansyèl, gen ladan l:

- ranfòsman lalwa
- prevansyon ak repons kont dife
- aplikasyon kòd batiman
- sekirite
- jesyon ak repons kont ijans
- netwayè oswa konsyèj imèb
- antretyen jeneral, ke l anplwaye pa antite a oswa pa yonfounisè
- reparasyon otomobil
- dezenfeksyon

12. Founisè ki founi sèvis oswa pwodwi esansyèl, ansanm ak sipò lojistik ak teknolojik, gad timoun ak sèvis:

- lojistik
- Sipò teknolojik pou sèvis an liy
- pwogram ak sèvis swen timoun
- atiman ki pou gouvènman an oswa gouvènman an lwe
- sèvis gouvènman nesese

Si fonksyon biznis ou a pa mansyone anlè a, men ou panse li nesèsè oubyen se yon antite k'ap founi sèvis oswa fonksyon ki nesèsè, ou ka mande pou yo mete l nan lis biznis nesèsè. Yo pa otorize espas kote moun lapriyè.

Yo pa òdone mezon priyè yo fèmen men li rekòmande pou pa fè sèvis kolektif e kenbe distans moun ak moun nan.

Biznis ak antite k'ap bay sèvis nesèsè yo dwe aplike prensip k'ap ran distans moun a moun pou pi piti sis pye a respekte.

Biznis ki fè rekèt pou mete yo nan lis fonksyon nesèsè jan sa dekri anlè a, ta dwe fèt sèlman si yo PA anba kouvèti konsèy la.

**Tu mande pou yo mete w nan lis biznis nesèsè, tanpri [klike isit la](#).
Restriksyon pou mande mete w nan lis biznis esansyèl:**

- Nenpòt biznis ki sèlman gen yon senp okipan/anplwaye (sa vle di ponp gaz) jwenn favè e pa bezwen soumèt rekèt pou yo mete yo nan lis biznis esansyèl.
- Biznis ki rekòmande pou fèmen lendi 15 mas 2020 anba restriksyon pou yo pa rasanble 50 oswa plis moun, tankou, men se pa yo sèlman, ba, restoran, sant espòtif, sal sinema, kazino, oditoryòm, konsè, konferans, sèvis adorasyon, evènman espòtif, ak sant egzèsis fizik yo, dwe mache anba restriksyon Eta NY la pibliye a epi dwe rete kole epi yo pa kalifye pou mande pou tounen biznis nesèsè akòz obektif konsèy sa a.

Pou jwenn Konsèy sou fason pou fè netwayaj ak dezenfekte etablisman ki ap òganize evènman al gade Konsèy Pwovizwa Depatman Sante Eta New York la pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman Piblik ak Prive pou COVID-19 la nan:

http://www.health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/docs/cleaning_guidance_general_building.pdf.

Pou plis enfòmasyon: Sit Entènèt COVID-19 Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/home>

Sit wèb Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) la:

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>

Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte depatman sante lokal la nan:

https://www.health.ny.gov/contact/contact_information/index.htm

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)